लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति
प्रस्तुतकर्ता



# रुत: एगो परेम कहानी

लेखक: Edward Hughes

ब्याख्याकर: Janie Forest

अनुकूलित: Lyn Doerksen

अनुवादक: सुरेश मसीह

उत्पादित: Bible for Children
www.M1914.org

©2017 Bible for Children, Inc.
अनुज्ञापत्र: आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।

यदि आप अपनी महान भव्य माई - बाप, उनकर माई – बाप अउर आपकी परिवार में आप से पहिले जन्मल सब लोग एक संगे अइहन तब आप केतना आश्चर्यचकित होइब अउर जानब भी की उ कवना तरह क लोग रहलें।



बाइबिल में, 'यीशु की मानवीय पूर्वजन में से रूत एगो रहली; जे एगो मोआबिन - मूर्तिपूजक रहली।



शिमशोन की समय की बाद इस्राएल में रुत क कहानी शुरू भइल, जब प्रभु क लोग परमेश्वर पर भरोसा अउर उनकी आज्ञा क पालन कइल बन कर दिहलें। देश में एगो भयानक आकाल पड़ल।





आप आकाल की बारे में का जानत बानी?
हँअ ई सही हअ! एगो आकाल क मतलब ई
हअ की कवनो तरह क फल या फसल
पैदा ना होखल, अउर कभी कभी
तअ एसे जानवर तथा लोग
भूखन मरे लागेलें।





एगो आदमी, एलीमेलेक, खाना की तलाश में उनकर मेहरारू दूगो लइकन की संगे बेतलेहेम से निकललन अउर उ  मोआब देश के गोइलन; जहाँ लोग मूर्तिन क पूजा करत रहलें।



मोआब में एलीमेलेक अउर उनकरी परिवार की खातिर हालात ठीक ना रहल।




उ मर; गोइलन अउर उनकरी बाद दूनों लइकन क भी निधन हो गइल।

खाली
उनकर मेहरारू, नाओमी,
'दूनों लइकन क मेहरारू,




रूत अउर ओर्पा की संगे बचल रहली।
दूनों लइकी मोआब की रहे वाली रहलीं।

अब विधवा नाओमी ई सुनली की यहोवा अपनी प्रजा क दौरा कइले बाने अउर उ रोटी दे रहल बाने। उ अब अपनी मातृभूमि लौटला क फैसला कइली।



लेकिन उ दूनो लइकियन के का करिहन?
नाओमी उ लोग के सलाह दिहली
कि अब तूं दूनों जानी मोआब में
ही रहिहअ अउर
आपन दूसर
शादी कर ली
हअ जा।



ओर्पा वापस अपनी परिवार की पास चल गोइली। लेकिन रुत मना कर दिहली। एकरी बजाय, रुत अपनी सास की खातिर एगो सुंदर कविता कहली जे में वादा रहल, कि उ अपनी सास के कबो भी ना छोड़िहन।





नाओमी क पुरान मित्र
बेहद खुश रहलन कि उ
वापस बेतलेहेम, अपनी
घरे लवट अइली।
लेकिन उ कहली कि
हमके अब नाओमी
(सुखद) ना परन्तु
"मारा" (कड़वा) नाम से
बोलावअ जा।



"काँहे से कि सर्वशक्तिमान हमरी संगे बहुत ही कड़वाहट की संगे ब्यवहार कइले बाड़न।" नाओमी अपनी संगे रुत की अलावा अउर कुछ लेके ना लवटल रहली।



हालांकि रुत मोआब में ज्यादातर लोगन की तरह मूर्तिन क पूजा कइले रहली, पर उ सबकुछ छोड़ के अब इस्राएल की जीवित परमेश्वर क पूजा करे लगली।





रुत कठिन परिश्रम कइली
ताकि नाओमी के भरपूर
खाना मिल सके। हर दिन
3 खेतन में कटनी करे
वालन की पीछे अनाज के
बीने जाईल करत रहली।





बोअज, खेत क मालिक सुनलन की रुत अपनी सास क बहुत बढ़ियाँ से खीयाल रखेली।



जब उ ओसे मिललन, बोअज ई सब जनला की बाद, कटनी करे वालन के आदेश दिहलन कि मुट्ठी भर बालन के पीछे छोड़ दिहल करअ जा, जे से ओ के मदद मिल सके। बोअज रुत के पसंद करे लगलन।



जब रुत बोअज अउर उनकर दयालुता की बारे में नाओमी के बतवली, तब बुजुर्ग महिला परमेश्वर क प्रशंसा कअइली। "उ आदमी हमार एगो रिश्तेदार, हमरी नजदीकी भाइन में से एगो हउवन।"



समय बीतला पर, बोअज रुत से शादी कइल, नाओमी अउर उनकरी परिवार की जमीन क देख भाल भी कइल चाहत रहलन। लेकिन एगो दूसर नजदीकी रिश्तेदार के पहिला मौका मिले के रहे।







उ आदमी जमीन त चाहत रहे - लेकिन रुत के आपन मेहरारू की रूप में ना चाहत रहे। कानून की अनुसार उ एगो के पावल अउर दूसरा के छोड़ ना सकत रहलन।

ओ जमाना में लोग सौदा तय करे खातिर हाथ ना मिलावत रहलन। बोअज अपनी जूती के निकललन अउर सार्वजनिक रूप से दूसरा आदमी के दे दिहलन। सउदा क निपटारा हो गोइल।



रुत अब उनकर मेहरारू बन जइहें। अब उ अउर नाओमी बोअज की 'परिवार क हिस्सा रहलीं।



बोअज अउर रुत
अपनी पहिला बेटा
के ओबेद नाम से
पुकरलें। उ दाऊद,
इस्राएल के महान
राजा का दादा
रहलन।

लेकिन एसे भी ज्यादा आशीषित बात ई हअ कि, ई लड़का ओबेद प्रभु यीशु मसीह क पूर्वज भी हउवन। प्रभु यीशु मसीह रजवन क राजा अउर दुनिया क उद्धारकर्ता होखे की खातिर दाऊद की वंशजन की माध्यम से अइलें।



रुत: एगो परेम कहानी

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से ई कहानी लीहल गइल बा

रुत

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

# समापन

बाइबल क इ कहानी हमनी के अपनी ओ अद्भूत परमेश्वर की बारे में बतावे ले, जे हमनी के बनवले हउवन अउर उ चाहत बाड़न कि हमनी क उनके जानी जा।

परमेश्वर जानत बाड़न कि हमनी क अइसन गुनाह कइले बनी जा जेकरा के उ पाप कहेलें। पाप क सजा मौत हअ, लेकिन परमेश्वर आपसे एतना परेम कइलन कि उ आपन एकलौता बेटा यीशु के ए दुनिया में भेजनल ताकि उ सूली पर चढ़ के हमनी की पापन क सजा भुगतें। यीशु मूवला की बाद फिर से जिन्दा हो गइलन अउर स्वर्ग में अपनी घरे चल गइलन यदि आप यीशु में विश्वास करअब अउर अपनी उनसे अपनी पापन के क्षमा मांगअब तअ उ आपकी प्रार्थना के सुनिहन उ आके आपकी अन्दर बसिहन अउर आप हमेशा खातिर उनकी संगे बनल रहअब।

यदि आपके विस्वास बा कि इ
सब कुछ सच हअ तब आप परमेश्वर से कहीं:
हे प्रिय यीशु, हमके विश्वास बा कि आप ही परमेश्वर हँई
अउर हमरी पापन की कारन आप मानुष रूप में अवतार
लिहनी, मर गइलीं अउर दुबारा जी उठलीं अउर अब जीयत
बानी। कृपा करके हमरी जिंदगी में आयीं अउर हमरी पाप
के क्षमा करीं ताकि हमके नाया जीवन मिल सके, अउर
एक दिन हम आपकी संगे हमेशा रहे खातिर आ सकीं।
आप मदद करीं कि हम पापकी बेटा की तरह रहीं
अउर आज्ञा पालन कर सकीं। आमीन।

परमेश्वर से रोज बात करे खातिर
बाइबल पढ़ीं! यूहन्ना 3:16